

# GID LOJMAN SAN PATIPRI

Ras

Koulè

Kwayans

Orijin Nasyonal

Sèks

Laj

Andikap

Eta Sivil

Sitiyasyon Familial

Preferans Seksyèl

Sitiyasyon Militè

KONNEN

DWA

OU YO

NEW YORK STATE  
DIVISION OF  
**HUMAN  
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

Diskriminasyon  
vrèman fè mal.

Si ou wè li oubyen yo fè  
ou li, rele nou.

Nou la.

NEW YORK STATE  
DIVISION OF  
**HUMAN  
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA  
BRONX, NEW YORK 10458  
(718) 741-8400  
Toll Free 1-888-392-3644  
TDD (718) 741-8300

# GID LOJMAN SAN PATIPRI

Ras Koulè Kwayans Orijin Nasyonal Sèks Laj Andikap Eta Sivil

Sitiyasyon Familyal Preferans Seksyèl Sitiyasyon Militè

## **SA KI ANNDAN :**

<b>Entwodiksyon</b>	<b>2</b>
<b>Kimoun ki pwoteje</b>	<b>4</b>
<b>Kimoun ki dwe respekte lwa sa a</b>	<b>6</b>
<b>Kisa ki entèdi</b>	
I Ki gen rapò ak vant ak lokasyon	6
II Vanjans, èd, konplisite ak fòse moun	8
III Ajan imobilye, moun k ap vann kay ak anplwaye yo ; Komite ajan imobilye	9
IV Akomodasyon rezonab pou moun ki andikape	10
<b>Ki lojman lwa sa a kouvri ?</b>	<b>11</b>
<b>E pou diskriminasyon lè moun ap prete</b>	<b>12</b>
<b>Kijan m ap fè konnen si yo te vyole dwa mwen</b>	<b>14</b>
<b>Ki kote mwen ka ale pou jwenn pwoteksyon pou dwa mwen yo</b>	
I Ajans gouvènman ak tribinal	16
II Òganizasyon prive ak tribinal	20
<b>Konbyen tan mwen genyen pou m pote plent</b>	<b>22</b>

# Entwodiksyon

Diskriminasyon nan lojman se yon mechan ki fè viktim li yo ansanm ak tout sosyete a mal. Li kont vizyon nou ki se yon sosyete ki lib, epi eliminasyon zak sa yo se yon gwo priyorite pou Eta Nouyòk ak pou tout peyi a. Diskriminasyon blese viktim li yo grav, kote li bay yo pwoblèm ak emosyon yo ak finans yo. Genyen gwo Lwa Nasyonal, Eta ak Lokal ki entèdi diskriminasyon nan lojman. Yo bay plizyè kote pou ale pou depoze plent pou diskriminasyon. Lwa sa yo bay divès fòm sekou diferan pou viktim yo ak sosyete yo tou, tankou lajan pou domaj ak amann. Epi tou lwa a pèmèt yon tribinal pou pase diskriminatè yo lòd pou yo sispann fè sa ak pou konpanse pou mal yo te fè yo.

Nan Eta Nouyòk, Lwa Egzekitif la (Lwa Dwa Moun) entèdi diskriminasyon nan lojman ak prè, ansanm ak diferan fòm diskriminasyon tou. Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la responsab pou mete Lwa Egzekitif la an aplikasyon. Divizyon an resevwa ak envestige plent diskriminasyon nan lojman ak prè epi, si genyen youn, fè odyans ak pase lòd pou moun aplike. Si ou panse yo te vyole dwa ou, ou kapab depoze yon plent ak Divizyon an epi yo pral fè ankèt. Ou pa bezwen yon avoka pou depoze yon plent.

Ti liv sa a dekri dwa ou genyen pou lojman san patipri sou Lwa Egzekitif la. Li dekri kimoun lwa a pwoteje, kimoun ki dwe swiv lwa a, ki aksyon ki entèdi, ak sa pou ou fè si yo vyole dwa ou. Li enpòtan pou ou sonje ke genyen lwa federal ak lokal ki entèdi diskriminasyon tou. Si Lwa Egzekitif la pa entèdi yon bagay, ou dwe konsilte lwa federal ak lokal yo, paske yo gendwa entèdi li. Pou ede ou detèmine si yo te vyole dwa ou, piblikasyon sa a ofri egzanp konpòtman ki montre yo vyole lwa a. Men, jeneralman, plis ankèt ap nesese pou detèmine si konpòtman an ilegal. Ajans gouvènman ak òganizasyon yo ki nan lis ki nan fen ti liv sa a kapab dirije jan de ankèt sa yo.

# Kimoun ki Pwoteje ?

Lwa Egzekitif Eta Nouyòk entèdi diskriminasyon nan lojman ki baze sou plizyè « karakteristik ki pwoteje yo ». Li ilegal pou yon moun fè diskriminasyon kont ou akòz de youn nan karakteristik ki pwoteje yo. Lis karakteristik ki pwoteje yo se :

## **RAS**

## **KWAYANS**

Eksepte : Yon enstitisyon relijye kapab, nan sèten sikonstans, vann oubyen lwe kay li sèlman bay moun ki nan menm relijyon ak li pou fè prensip relijyon li vanse.

## **KOULÈ**

## **ORIJIN NASYONAL**

## **SÈKS**

Eksepte : Akomodasyon lojman yon sèl sèks tankou yon fwaye ki sèman pou fi oubyen gason nan yon inivèsite kapab fè sa.

## **LAJ**

Eksepte : Akomodasyon pou moun ki genyen 55 ane oubyen pi gran kapab fè sa.

Eksepte : Rabè nan lojman pou moun ki genyen 65 ane oubyen plis kapab fè sa.

## **ANDIKAP**

Eksepte : Rabè nan lojman pou moun ki genyen andikap kapab fè sa.

## **ETA CIVIL**

## **SITIYASYON MILITÈ**

## **SITIYASYON FAMILYAL**

## **PREFERANS SEKSYÈL**

Lwa Egzekitif la pa bay preferans bay okenn ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, eta sivil, sitiyasyon familial, oubyen preferans seksyèl. Si yon moun refize ba ou lojman, epi rezon an se youn nan karakteristik sa yo, kèlkeswa karakteristik la, li ilegal.

Egzanp :

Yon mèt kay di yon ajan imobilye pou l pa lwe apatman nan bilding li a bay « minorite ».

Yon mèt kay refize lwe apatman li bay moun ki selibatè.

Yon konplèks lojman ki genyen yon règ kote yo lwe « moun ki gen plis pase 18 tan sèlman ».

# Kimoun ki dwe respekte Lwa sa a ?

Nenpòt moun ki vann oubyen ki lwe kay dwe respekte Lwa Egzekitif la. Pami moun sa yo gen :

## **Pwopriyete**

## **Lokatè**

## **Sou-Lokatè**

## **Ajan manajman**

## **Ajan imobilye**

## **Ajan ak anplwaye yo ki site anlè a**

Egzanp : Yon manm fanmi k ap ede fanmi li vann lakay li pa ka fè diskriminasyon.

Yon lokatè yon apatman pa ka fè diskriminasyon si li ap re-lwe apatman an bay yon lòt moun.

# Kisa ki entèdi ?

## **I. SA KI GEN RAPÒ AK VANT AK LOKASYON LOJMAN**

Lwa Egzekitif la fè li ilegal pou fè diskriminasyon kont moun nan vant oubyen lokasyon lojman akòz de yon karakteristik ki pwoteje. Espesyalman, lwa a fè li ilegal pou fè bagay sa yo akòz de yon karakteristik ki pwoteje :

### **Refize vann oubyen lwe lojman.**

Egzanp : Yon mèt kay refize vann yon kay bay azyatik ameriken.

### **Fè diskriminasyon nan règ, kondisyon oubyen privilèj nan vant oubyen lokasyon lojman.**

Egzanp : Yon mèt kay mande plis lajan depo sekirite nan men afriken ameriken lè la p lwe moun apatman.

Yon mèt kay deside pou egzije yon pi gwo avalwa nan men yon fanmi latino lè l ap vann yon kay.

### **Diskriminasyon lè ya p bay etablisman oubyen sèvis nan vant oubyen lokasyon lojman.**

Egzanp : Yon mèt kay refize kite sèlman timoun latino yo jwe san granmoun yo nan yon lakou rekreyasyon.

### **Enprime oubyen distribye deklarasyon, piblisite, oubyen piblikasyon di eksprime limitasyon, espesifikasyon oubyen diskriminasyon nan vant oubyen lokasyon lojman.**

Egzanp : Yon mèt kay mande tout moun ki rele pou reponn yon reklam lojman « ki jan de non » yo genyen.

### **Itilize yon aplikasyon lojman ki eksprime nenpòt limitasyon, espesifikasyon oubyen diskriminasyon nan vant oubyen lokasyon lojman.**

Egzanp: yon aplikasyon imobilye mande kesyon sou karakteristik ki pwoteje yo.

**Fè okenn anrejistreman oubyen ankèt sou acha oubyen lokasyon potansyèl yon akomodasyon ki eksprime okenn limitasyon, espesifikasyon oubyen diskriminasyon.**

Egzanp : Yon mèt kay mande ko-lokatè potansyèl ki pa menm sèks ak li yo si yo marye.

**Fè diskriminasyon kont yon moun ki gen pwoblèm pou tande oubyen wè paske li itilize yon chen gid, chen pou tande oubyen chen sèvis.**

## **II. VANJANS, ÈD, KONPLISITE AK FÒSE MOUN**

Lwa Egzekitif la entèdi patisipasyon nan diskriminasyon oubyen vanjans kont yon moun paske li te ede mete Lwa a an aplikasyon. Espesyalman, Lwa a entèdi :

### **Pou ede yon moun vyole Lwa Egzekitif la.**

Egzanp : Yon ajan imobilye ki swiv enstriksyon yon mèt kay ki mande li pou l pa lwe gason ki selibatè.

### **Pou fòse yon moun vyole Lwa Egzekitif la.**

Egzanp : Yon vwazen menase l ap bat yon vwazen si li vann kay li bay nenpòt afriken ameriken.

### **Pou pran vanjans kont yon moun paske li opoze kont diskriminasyon nan lojman, depoze yon plent, oubyen temwaye oubyen ede okenn otorite sou Lwa a.**

Egzanp : Yon ajans imobilye revoke yon anlwaye paske li repòte ke yon mèt kay refize lwe kliyan latino li yo.

## **III. AJAN IMOBILYE, MOUN K AP VANN KAY, AK ANPLWAYE YO; AJAN IMOBILYE**

An plis de restriksyon ki mansyone anlè yo, Lwa Egzekitif la ajoute plis obligasyon sou ajan imobilye yo, moun k ap vann kay yo, ak anlwaye yo. Espesyalman, li ilegal pou yo :

### **Refize negosye vant oubyen lokasyon lojman.**

Egzanp : Yon ajan imobilye refize negosye pou lwa yon kay ak yon moun ki andikape.

### **Reprezante ke lojman an pa disponib pou vann oubyen lwe lè li disponib.**

Egzanp : Yon moun k ap vann kay montre kay la bay yon blan epi di yon minorite ke menm kay la pa disponib pou lwe.

Epi tou li ilegal pou yon komite imobilye pa mete oubyen retire okenn moun, oubyen pou li fè diskriminasyon kont yon moun nan règ, kondisyon ak privilèj pou vin manm komite an, ki baze sou yon karakteristik ki pwoteje.

#### **IV. AKOMODASYON REZONAB POU MOUN KI ANDIKAPE**

An plis de entèdiksyon diskriminasyon ki baze sou andikap, Lwa Egzekitif la egzije pou moun yo lwa a kouvri fè efò pou akomode bezwen moun ki andikape yo pou yo kapab viv nan lojman an. Espesyalman, Lwa egzekitif la egzije pou moun ki pwoteje yo :

**Pou kite yon moun ki andikape fè modifikasyon ki rezonab pou nan kay la, ak depans moun andikape a, si modifikasyon yo nesèsè pou pèmèt moun nan jwi kay la konplètman.**

Egzanp : Yon mèt kay kite yon moun ki sou yon chèz woulant agrandi pòt yo ki anndan apatman li a pou akomode chèz woulant la.

**Pou fè akomodasyon rezonab nan règ, pratik, oubyen sèvis lè jan de akomodasyon sa yo nesèsè pou kite yon moun ki andikape genyen menm opòtinite ak lòt moun yo pou itilize ak jwi kay la.**

Egzanp : Yon mèt kay fè yon eksepsyon a yon règ ki entèdi moun gen « nenpòt ki bèt domestik » pou kite yon moun avèg genyen yon chen gid.

**Dwe bay nan tout bilding ki te konstwi apre 13 mas 1991 :**

**Espas piblik ak kote tout moun demere ki fasil pou moun ki andikape antre ak itilize.**

Egzanp : Yon moun ki sou yon chèz woulant kapab pase nan antre bilding lan.

**Tout pòt yo laj ase pou moun kapab pase ak chèz woulant.**

**Tout bilding plizyè fanmi yo genyen pasaj, enstalasyon, priz, twalèt ak kizin ki aksesib.**

Egzanp : Mi twalèt yo kapab soutni manch pou kenbe.

# **Ki lojman lwa sa a kouvri**

Lwa Egzekitif la aplike a prèske tout akomodasyon lojman. Sèl eksepsyon yo se:

**Lokasyon nan kay nan diplèks mèt kay la abite ladan li.**

Egzanp: Mèt yon diplèks ki abite anba a kapab fè diskriminasyon.

**Lokasyon nan chanm kay mèt kay la oubyen yon fanmi li abite ladan li.**

Egzanp: Mèt yon chanm kay, ki abite nan bilding nan, kapab fè diskriminasyon.

***Li enpòtan pou ou sonje ke malgre Lwa Egzekitif la pa aplike ak akomodasyon lojman sa yo, lwa lojman san patipri federal oubyen lokal kapab aplike.***

# E Pou Diskriminasyon Lè Moun Ap Prete?

Lwa Egzekitif la entèdi moun fè diskriminasyon nan prè imobilye. Li ilegal pou fè diskriminasyon nan prè imobilye akòz de menm karakteristik yo ki pwoteje nan vant ak lokasyon lojman. Sepandan, yo kapab konsidere laj pou detèmine si yon aplikan merite kredi lè yo demontre ke laj genyen yon relasyon solid pou demontre si yon moun merite kredi. Lwa Egzekitif la entèdi bagay sa yo nan yon aplikasyon pou prete pou achte, posede, konstwi, repare oubyen repare yon kay :

**Diskriminasyon nan bay, kenbe, pwolonje, renouvle, oubyen planifye règ, to, oubyen kondisyon pou prè a.**

Egzanp : Yon moun k ap prete moun chaje Afriken-Ameriken yon to ki pi wo.

**Itilize yon aplikasyon pou prete oubyen fè okenn anrejistreman oubyen ankèt sou yon aplikan ki eksprime okenn limitasyon, espesifikasyon, diskriminasyon.**

Egzanp : Yon aplikasyon kredi mande moun aplikan an genyen timoun.

**Mande yon aplikan si li ka fè timoun oubyen si li itilize oubyen ba sèi ak okenn fòm kontwòl nesans oubyen planing familyal.**

Egzanp : Yon ofisyè prè mande yon koup k ap aplike pou prete lajan si yo gen lentasyon gen timoun.

**Refize konsidere sous lajan yon aplikan oubyen bay yon aplikan rabè akòz de yon karakteristik ki pwoteje, tankou kapasite pou fè timoun.**

Egzanp : Lè y ap konsidere aplikasyon prè yon koup marye, yon kote ki bay kredi refize konsidere salè madanm nan paske li gen laj pou fè timoun.

**Nan konsiderasyon ki yon aplikan merite kredi, konsiderasyon estatistik ak sipozisyon parapò a yon karakteristik ki pwoteje, tankou kapasite pou fè timoun.**

Egzanp : Yon kote ki bay kredi refize prete yon katye ki genyen pifò minorite.

# Kijan m ap fè konnen si yo te vyole dwa mwen ?

Li pa toujou fasil pou konnen si yo te vyole dwa ou genyen pou lojman san patipri. Se raman yon moun ap vini pou di: « Mwen pap lwe ou apatman sa a paske ou se yon jèn fanm selibatè » oubyen « Mwen pap lwe ou kay sa a paske ou nwa epi sa a se yon katye blan. » An jeneral, siy diskriminasyon yo pi endirèk.

Yon fason pou detèmine si yo te fè diskriminasyon kont ou se pou chèche èd yon ajans oubyen òganizasyon ki kapab fè yon tès. Jan seksyon sa a montre, genyen kèk òganizasyon HUD finansye ki envestige plent pou diskriminasyon epi ki kapab teste yon ajans imobilye oubyen mèt kay pou wè si l ap fè diskriminasyon. Nan yon tès, ajans la anplwaye kèk pè moun, oubyen testè, pou al pran pòz y ap chèche kay. Nan chak pè, moun k ap teste yo ak genyen menm kalifikasyon yo pou kay la, men ap diferan nan karakteristik pwoteje yo ki se rezon pou diskriminasyon an. Si yon moun sispèk ke yon ajans imobilye ap fè

diskriminasyon paske li se yon afriken ameriken, moun k ap fè tès yo pral genyen menm kalifikasyon pou moun k ap chèche kay yo, men yon testè pral afriken ameriken. Chak testè pral ale nan biwo imobilye a poukont yo. Si ajan imobilye a montre testè blan an kay la epi li di afriken ameriken an pa genyen anyen ki disponib nan pri li bezwen an sa se yon bon prèv diskriminasyon.

Egzanp sa yo sipoze demontre kilè ou kapab sispèk ke genyen yon diskriminasyon ki fèt. Si yon diskriminasyon te fèt, nou ankouraje ou pran aksyon epi kontakte youn nan ajans oubyen òganizasyon yo ki nan lis pwochen seksyon an.

## **Egzanp 1 :**

Mesye Lowery, ki se yon gason Afriken-Ameriken selibatè, ap chèche yon apatman. Li wè yon piblisite nan yon jounal ki dekri yon apatman ki satisfè bezwen li yo. Mesye Lowery rele ajans imobilye a kote li pale ak Mesye Connor, ki di Mesye Lowery ke apatman an disponib epi li di vin nan biwo a pou wè li. Trant minit apre, Mesye Lowery rive nan biwo a, idantifye tèt li, ak rankontre Mesye Connor. Mesye Connor di : « Sètènman li twonpe li.» Mesye Lowery asire li ke li te pale ak li nan telefòn. Apre sa Mesye Connor mande Mesye Lowery pou tann li pandan li tcheke si apatman an disponib. Kèk minit apre Mesye Connor retounen pou di Mesye Lowery ke li fenk sot tcheke ak mèt kay la epi apatman an pa disponib ankò.

## **Egzanp 2 :**

Mesye Martin ak Madmwazèl Vernon marye. Mesye Martin blan epi Madmwazèl Vernon afrikèn ameriken. Y ap chèche yon apatman koperasyon pou achte. Yo te siyen yon kontra epi yo bezwen rankontre ak komite koperasyon an pou otorizasyon final. Mesye Martin t ap regle tout detay tranzaksyon epi li te rankontre mèt koperasyon an, ajan manajman bilding nan, ak prezidan koperasyon an, ki te rasire li ke pap genyen okenn pwoblèm nan entèvyou

ak komite koperasyon an. Madmwazèl Vernon rive nan entèvyou an avan epi yo di li genlè li pèdi. Li ensiste ke li pa pèdi epi se madanm Mesye Martin li ye. Prezidan koperasyon an sezi. Pandan entèvyou a yon manm Komite an mande Mesye Martin ak Madmwazèl Vernon si moun kont fè move jan ak yo akòz de « maryaj 2 moun ki gen ras diferan » yo a ak si sa te genyen yon move konsekans sou timoun yo. Finalman, Komite an refize otorize yo pou apatman an.

## **Egzanp 3 :**

Madmwarzèl Abernathy, yon Afrikèn Ameriken, al wè yon apatman li renmen. Apresa, li rele ajan imobilye, a Mesye Davis, pou di li li vle lwe li. Mr. Davis di li apatman an deja lwe. Madmwazèl Abernathy sispèk epi li di yon zanmi li, ki blan, pou pran pòz li ap chèche yon apatman. Zanmi li an ale nan biwo Mesye Davis epi li rankontre ak Mr. Davis, ki di li apatman an disponib toujou. Apresa Madmwazèl Abernathy rele Mesye Davis pou mande l eksplikasyon. Li admèt li te bay Madmwazèl Abernathy manti, men deklare se pa akòz de ras li, se paske mèt kay la pat renmen Madmwazèl Abernathy paske li te “apòy” epi li te « enpoze li twòp ».

# Ki kote mwen ka ale pou jwenn pwoteksyon pou dwa mwen yo ?

Si ou sispèk ke ou te yon viktim diskriminasyon, genyen plizyè ajans gouvènman ak òganizasyon prive ki kapab ede ou.

## I. AJANS GOUVÈNMAN AK TRIBINAL

Ou kapab depoze yon plent pou diskriminasyon ak plizyè ajans gouvènman, chèche rekou pou domaj-enterè, kay ki an kesyon an, ak lòt sekou apwopriye tankou pwomès ke kote ki bay lojman an pap fè diskriminasyon ankò. Ou kapab depoze yon plent poukont ou. Ou pa bezwen yon avoka. Konsènan Lwa Egzekitif la, ou kapab depoze yon plent pou diskriminasyon nan lojman avèk prè ak:

### **The New York State Division of Human Rights**

One Fordham Plaza, 4<sup>th</sup> floor  
Bronx, NY 10458  
718- 741- 8400

### **The New York State Division of Human Rights**

Agency Building 2  
Empire State Plaza  
28th Floor  
Albany, NY 12220  
(518) 474-2705

### **The New York State Division of Human Rights**

NYS Office Building Annex  
44 Hawley Street, 6th Floor  
Binghamton, NY 13901-4465  
(607) 721-8467

### **The New York State Division of Human Rights**

55 Hanson Place  
Room 304  
Brooklyn, NY 11217  
(718) 722-2856

### **The New York State Division of Human Rights**

The Walter J. Mahoney  
State Office Building  
Fifth Floor - Suite 506  
65 Court Street  
Buffalo, NY 14202  
(716) 847-7632

### **The New York State Division Of Human Rights**

20 Exchange Place, 2<sup>nd</sup> Floor  
New York, NY 10005  
(212) 480-2522

### **The New York State Division Of Human Rights**

Harlem State Office Building  
163 West 125th Street - 4th Floor  
New York, NY 10027  
(212) 961-8650

### **The New York State Division Of Human Rights**

175 Fulton Avenue  
Hempstead, NY 11550  
(516) 538-1360

### **The New York State Division Of Human Rights**

State Office Building  
Veterans Memorial Highway  
Hauppauge, NY 11787  
(516) 952-6434

### **The New York State Division Of Human Rights**

One Monroe Square  
259 Monroe Avenue  
3rd Floor  
Rochester, NY 14607  
(716) 238-8250

### **The New York State Division Of Human Rights**

333 East Washington Street  
Room 401  
Syracuse, NY 13202  
(315) 428-4633

### **The New York State Division Of Human Rights**

8 John Walsh Blvd.  
Suite 204  
Peekskill, NY 10566  
(914) 949-4394

**The New York State  
Division Of Human Rights**

Office of Sexual Harassment Issues  
(Biwo Zafè Asèlman Seksyèl)  
55 Hanson Place, Room 347  
Brooklyn, NY 12217  
(718) 722-2060

**The New York State  
Division Of Human Rights**

Office of Aids Discrimination Issues  
(Biwo Èd nan Zafè diskriminasyon)  
20 Exchange Place, 2nd Floor  
New York, NY 10005  
(212) 480-2493

**NIMEWO TELEFÒN GRATIS  
1-888-392-3644**

**The New York State  
Division of Housing and  
Community Renewal Fair Housing  
and Equal Opportunity**

(Divizyon Lojman ak Lojman San  
Patipri nan Renouvèlman Kominote ak  
Opòtinite Egal)  
25 Beaver Street  
New York, NY 10004  
(212) 480-6753

Sou Lwa Egzekitif la, ou kapab depoze  
yon plent pou diskriminasyon nan prè ak  
Responsab Bank yo nan adrès sa a:

**New York State Banking Department**

2 Rector Street  
New York, NY 10006  
(212) 618-6442

Lwa federal entèdi moun fè  
diskriminasyon nan lojman tou.  
Ou kapab depoze yon plent pou  
diskriminasyon nan lojman sou labaz  
lwa federal nan :

**The United States Department of  
Housing and Urban Development**  
(Depatman Lojman Ak Devlopman  
Iben Etazini )

Manhattan:  
26 Federal Plaza  
Room 3532  
New York, NY 10278  
(212) 264-5072

Buffalo:  
Lafayette Court  
465 Main Street  
Buffalo, NY 14203  
(716) 846-5785

**NIMEWO TELEFÒN GRATIS  
1-800-496-4294**

**The Office of Fair Housing and  
Equal Opportunity**

(Biwo Lojman San Patipri ak  
Opòtinite Egal)  
Depatman Lojman ak Devlopman Iben  
451 Seventh Street, S.W.  
Room 5116  
Washington, D.C. 20410-2000  
(202) 708-2878

**NIMEWO TELEFÒN  
GRATIS POU TOUT PEYI A  
1-800-669-9777**

Ou kapab pote yon plent ak vil ou,  
minisipalite ou, oubyen peyi a, si li  
genyen yon lwa ki entèdi diskriminasyon  
nan lojman ak nan prè lajan. Ou kapab  
kontakte Divizyon Dwa Moun Eta a pou  
yon lis jan de ajans sa yo.

Finalman, ou kapab ale nan tribinal pou  
defann dwa ou genyen pou lojman jis  
sou Lwa Eta Nouyòk ak lwa federal. Ou  
kapab depoze yon plent pou pwosè  
swa nan tribinal distri federal la oubyen  
nan Tribinal Kou Siprèm Eta Nouyòk ki  
kouvri zòn ou abite a.

## II. ÒGANIZASYON PRIVE AK TRIBINAL

Plizyè òganizasyon prive, ki pa chèche fè pwofi, angaje yo pou yo elimine diskriminasyon nan lojman ak nan prè lajan. Si ou sispèk yo te fè diskriminasyon kont ou nan lojman oubyen prè, plizyè nan òganizasyon sa yo kapab ede ou envestige. Òganizasyon prive sa yo kapab ede ou fè yon tès sou yon pwopriyete, ajans imobilye, oubyen kote k ap bay kredi pou wè si l ap fè diskriminasyon kont ou. Epi tou yo kapab ede ou decide kote pou pote plent. Finalman, malgre ou pa bezwen yon avoka pou pote yon plent ak jan ajans, ou kapab vle konsilte yon avoka ki genyen ekspètiz nan zafè lojman san patipri.

Souvan òganizasyon lojman san patipri ki prive yo konn genyen gwoup avoka ki kolabore ak yo epi yo gendwa kapab refere ou a yon avoka. Pwogram Inisyativ Lojman San Patipri (FHIP) a bay òganizasyon ki pa la pou fè lajan atravè eta Nouyòk yo bourad ak pou bay patenarya HUD a jarèt kote yo mete an aplikasyon ak amelyore konfòmite ak lwa lojman san patipri nan peyi a. Òganizasyon prive ki pa la pou fè lajan sa yo se òganizasyon ki mete lojman san patipri an aplikasyon epi se HUD ki finansye yo pou fè tès ak lòt aktivite pou mete lwa a an aplikasyon pou anpeche ak elimine diskriminasyon nan lojman.

### **Asian Americans for Equality**

(Azyatik Ameriken pou Egalite)  
40-34 Main Street  
Flushing, New York 11354  
(718) 539-7290

### **Fair Housing Council of Central New York, Inc.**

(Konsèy Lojman San Patipri nan  
Nouyòk Santral)  
327 West Fayette Street  
Syracuse, New York 13202

### **H.O.M.E., Inc.**

700 Main Street  
Buffalo, New York 14202  
(716) 854-1400

### **Long Island Housing Services**

(Sèvis Lojman Long Island)  
1747 Veterans Memorial Highway  
Islandia, New York 11722  
(516) 427-1818

### **Monroe County Legal Asst. Corp.**

(Kòporasyon Asistans Legal  
Monroe County)  
80 St. Paul Street  
Rochester, New York 14604  
(716) 325-2520

### **Open Housing Center**

(Sant Lojman Ouvè)  
594 Broadway, Suite 608  
New York, New York 10012  
(212) 941-6101

### **Westchester Residential Opportunities**

(Opòtinite Rezidansyèl Westchester)  
470 Mamaroneck Avenue  
Suite 410  
White Plains, NY 10605  
(914) 428-4507

# Konbyen tan mwens genyen pou m pote plent ?

Chak tribinal avèk ajans genyen diferan delè, ke yo rele « Lwa sou limitasyon », ke ou dwe depoze yon plent pou pwoteje dwa ou.

Ou gendwa tann yon lane pou depoze yon plent administratif devan Divizyon Dwa Moun nan, Depatman Lojman ak Devlopman Iben oubyen bay Reponsab Bank yo.

Ou genyen de (2) lane pou depoze yon plent pou pwosè sou labaz Lwa federal egalite chans tout moun pou yo jwenn yon lojman San Patipri federal la. (Genyen mwens tan pou depoze yon reklamasyon sou Lwa sou Egalite chans tout moun pou yo jwenn yon prè federal (2 lane) ak plis tan pou depoze yon reklamasyon sou Lwa federal sou Dwa Sivil (3 lane).

Si ou bezwen yo aji touswit pou pwoteje dwa ou pou achte oubyen lwe kay la. Lwa Egzekitif la bay Divizyon Dwa Moun nan pèmisyon pou li aji tou swit. Yon lòt bagay ou ka fè se depoze yon plent pou pwosè poukont ou epi mande yon lòt restriktif nan yon tribinal. Lè ou vle pwoteje dwa ou pou achte oubyen lwe kay la, ou dwe depoze plent ou a touswit.